ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№11 (23.825) ● 2019 гъэм щIышылэм (январым) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Москва щызэIуощIэ

**Дыгъуасэ «Урысей зэкъуэт» партым и лэжьапIэ унэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкl э и Советым и Унафэщым и къуэдзэ, партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрейрэ.**

АБЫХЭМ я псалъэмакъыр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыналъэм социальнэ мыхьэнэ хэха зиIэ парт проектхэр щыгъэзэщIэным, КъБР-м и социально-инфраструктурэм, узыншагъэр хъумэныкIэ IэнатIэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм я IэнатIэхэм, псэупIэ коммуналынэ хозяйствэм, жылагъуэхэр зэпэщ щыным я лъэныкъуэкIэ «Урысей зэкъуэт» партымрэ республикэм и къэралыстым и органхэмрэ зэрызэдалажьэр егъэфIэкIуэным.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.*

## Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэм теухауэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2019 гъэм щIышылэм и 25-м* *Налшык къалэ* *№92-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэр къызэрэзэпэщыжьын Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ комиссэу.

2. Къэштэн мы унафэм щыгъуэ-хэу:

Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ комиссэм теухуа Положенэр;

Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ комиссэм хэтхэр;

3. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэр къызэрэгъэпэщыну икIи абыхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэтрагъэувэну;

лэжьапщIэмкIэ организацэхэм ятелъ щIыхуэ псори япшыныжьынымкIэ, я ныбжьым пыщIауэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэм щIыхуэхуитыныгъэхэмрэ щагъэмащIэ щIыIэ зэрымыхъунум теухуа законодательствэм пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэса цIыхухэм IэнатIэхэм щIыIэ увыпIэхэр хъумэнымкIэ къигъэувэхэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм ятеухуа планхэр зэхалъэну;

хозяйствэ зезыхьэ субъектy муниципальнэ щIыналъэхэм хиубыдэу щыIэхэм пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэса цIыхухэм лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ тэмэму ядэлэжьэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм лэжьапщIэмкIэ щIыхуэ зытелъ организацэхэм ятеухуа Iуэхуэхэр мазэ къэ Iэрагъэхьэну;

организацэхэм я унафэщIхэр жэуапым ешэлIэным, законодательствэм къигъэув нэгуэщI Iуэхуэхэр къэщтэным хуэгъэзауэ къихьалъхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэмрэ прокуратурэм и органхэмрэ хуагъэхьыну мы къыкIэлъыкIуэ информацэхэм япкъ иткIэ:

хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм лэжьапщIэ мазитIым щIигъукIэ зэрамытам и Iуэхукlэ;

пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудам и Iуэхукlэ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм чэнджэщ етын:

республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ лэжьапщIэр иригъуу икIи и зэманым къриубыдэу зэратым теухуа кIэлъыплъныгъэ зэтегъэувэну;

хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и кодексым и 142-нэ статьям къигъэувэр, лэжьакIуэ гупхэм иращIыIа договорхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ, лэжьыгъэ IэнатIэм ирахьэла федеральнэ къэрал кIэлъыплъныгъэ щIагъэкIуэкIым къыщIагъэща ныкъуэсныгъэхэр гъэзэкIуэныным хуэгъэзауэ хуагъэувэхэр ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

лэжьакIуэхэм лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр я ныбжьым ехьэлIауэ ягъэмэщIэну зэрыхуимыытмкIэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуа мардэхэр республикэм и организацэхэм ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм ящыщу лэжьапщIэр тынымкIэ щIыхуэ зытелъхэм, (е) пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэмкlэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэпызудахэм жэуап егъэзыхьынымкIэ зэфIагъэкIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр щыгъуазэ ищIыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпкъуныгъэмкlэ и министерствэм хуэгъэзауэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэу езым и унафэм щIэтхэр - лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыжьмкIэ икIи социальнэ дэIэпкъуныгъэ етыныжьмкIэ центрхэр муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ къызэгъэпэщыжьмкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэмкlэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ я комиссэхэм зи пенсэ кIуэгъуэр хъэблэгъахэм лэжьапIэкIэ къызэрызэгъэпэщам, апхуэдэ цIыху гупхэм лэжьыгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ щэсапIэхэмрэ хъумэныжьмкIэ федеральнэ хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм къыщыгъэувахэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныжьмкIэ ядэлэжьэныр къызэригъэпэщыну;

Зи пенсэ кIуэгъуэр къэблагъэхэр лэжьапIэкIэ къызэрызэгъэпэщам пыщIа кIэлъыплъныгъэр мазэ къэс къызэригъэпэщыну икIи и щхьэкIэ къыщыгъэпэгъэгъа цIыху гупхэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр гъэзэщIэныжьмкIэ мыхъумыщIагъэ къэзыгъэхъуа Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпыщ яIэхэр Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпэщ Iуэхуэхэм ящыщ1агъэ къэзыгъэхъуа унафэ №99-ПП-мкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным ятеухуауэ» 2015 гъэм мазаем и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м ;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 16-м къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр щыгъуазэ ищIыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпкъуныгъэмкlэ и министерствэм хуэгъэзауэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэу езым и унафэм щIэтхэр - лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыжьмкIэ икIи социальнэ дэIэпкъуныгъэ етыныжьмкIэ центрхэр муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм лэжьыгъэ Iуэхуэхэр зэIухауэ къызэгъэпэщыжьмкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэмкlэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ я комиссэхэм зи пенсэ кIуэгъуэр хъэблэгъахэм лэжьапIэкIэ къызэрызэгъэпэщам, апхуэдэ цIыху гупхэм лэжьыгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ щэсапIэхэмрэ хъумэныжьмкIэ федеральнэ хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм къыщыгъэувахэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныжьмкIэ ядэлэжьэныр къызэригъэпэщыну;

Зи пенсэ кIуэгъуэр къэблагъэхэр лэжьапIэкIэ къызэрызэгъэпэщам пыщIа кIэлъыплъныгъэр мазэ къэс къызэригъэпэщыну икIи и щхьэкIэ къыщыгъэпэгъэгъа цIыху гупхэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр гъэзэщIэныжьмкIэ мыхъумыщIагъэ къэзыгъэхъуа Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпыщ яIэхэр Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпэщ Iуэхуэхэм ящыщ1агъэ къэзыгъэхъуа унафэ №99-ПП-мкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным ятеухуауэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №99-ПП-м и 2-4-нэ пунктхэм;

«Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныжьмрэ лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм теухуа Положенэм, 2014 гъэм накъыгъэм и 16-м» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №99-ПП-мкIэ къыщтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныжьмрэ лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным ятеухуауэ» 2015 гъэм мазаем и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м и 1-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 16-м къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №150-ПП-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм щIышылэм и 25-м къыдигъэкIа унафэ №92-ПП-мкIэ къищтащ*

## Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныкIэ, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ, пенсэ кIуэгъуэм зи ныбжьыр нэблагъэ цIыхухэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэм

# ХЭТХЭР

**КIэрэф М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэщ)*

**Мовсисян Г. О.**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэщ)*

**Асанов А. О.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпкъуныгъэмкIэ и министрыр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Мэремкъул А. Н**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм и унафэщIыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкlэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ) (зэгурыIуауэ)*

**Амщокъуэ Ф. Къ.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Ивановэ М. А**. - Къэрал Iуэхущ1апIэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**Iэхъуэбэч Щ. А**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

**Ацкъан Р. Р**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(Комиссэм и секретарщ)*

**Будаев Р. И**. - Федеральнэ налог къулыкъущ1апIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**Уэдыхъ Т. А**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэщым хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр

**Гъащтэ А. А**. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущ1апIэм и Управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къхъуэлуфэ А. Ж**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэр

**Къылъшыкъуэ А. И**. - «Опора России» хьэрычэт IэнатIэ мыиныбрэ курытымрэ я урысейпос жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къуныжь В. Хь**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр

**Лисун Е. А**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкIэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащIэр

**Iуэщхьун Т. Хь**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылькумрэ я Iуэхуэхэмкlэ и министрыр

**ТIымыжь Хь. Хь**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщIыр

**Ульбашевэ Е. М**. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

**Устэ Д. А**. - Къэрал Iуэхущ1апIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщыр *(зэгурыIуауэ)*

**Хьэжу В. Щ**. - Лэжьапl э зытхэм я «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союз» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*.

## Ди къуэш республикэхэм

### Бжьахъуэхэр зэгуохьэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм къыщызэрагъэпэщащ «Бжьахъуэхэм я урысей лъэпкъ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм и щIыналъэ къудамэ. Адыгэ Республикэм Мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министерствэм къызэритымкIэ, абы къызэщIеубыдэ бжьахъуэ 70.***

ЗЭГУХЬА гупым яхуэзащ республикэм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министр Севженец Владимир. Ахэр тепсэлъыхьащ Iэмал имыIэу зыхуеину хущ1ухэкIхэр зыIэрыгъэхьэныр, гъатхэм губгъуэхэм зэрелэжьхэр бжьаIуэхэм зэран яхэмыхьун папщIэ. Бжьахъуэхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм хэтхэм Iэмал яIэщ кооперативу зэгухьэу зэрагъэпэщыну икIи и щхьэкIэ къыщыгъэпэгъэгъа цIыху гупхэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр гъэзэщIэныжьмкIэ мыхъумыщIагъэ къэзыгъэхъуа Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпыщ яIэхэр Iуэхущ1апIэхэр зэрыгъэпэщ Iуэхуэхэм ящыщ1агъэ къэзыгъэхъуа унафэ №99-ПП-мкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным ятеухуауэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №99-ПП-м и 2-4-нэ пунктхэм;

«Лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныжьмрэ лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм теухуа Положенэм, 2014 гъэм накъыгъэм и 16-м» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №99-ПП-мкIэ къыщтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, лэжьыгъэ Iуэхухэр зэIухауэ зэтегъэувэныжьмрэ лэжьапщIэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжьынымкIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным ятеухуауэ» 2015 гъэм мазаем и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м ;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 16-м къыдигъэкIа унафэ №22-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр щыгъуазэ ищIыну.

«Ди тхьэ, сэркIэ ефIэкIуэнур зэрысхъуэжьын къару кIыхь, схуэмыхъуэжьнур сигу теухун хуэдэу бэшэчыгъэ сригъэкъу; зыр адрейм хэзмыгъэгъуэщн хуэдэуи Iущыгъэ къысхэлъхьэ», - а тхьэлъэIуэмрэ ирашажьэ зэщхьэгъуэсэхэм я хъыбарыр. «Ар ди бгъэдыхьэкIэу ттха лэжьыгъэр фи пащхьэ ныдолъхьэ», - гуапэу зыкъыхуагъазэ абыхэм тхылъеджэхэм.

КупщафIэм къыщымынэу, гъэщIэгъуэну узыIэпешэ «TIэщIэкIа ехъулIэныгъэр зэрызыIэрыдгъэхьэжыну щIыкIэр» («Формула утраченного успеха») зыфIаща пэублэмэ. «Шыр зэрызэбгъэдэIуэнур», «Шыщ1эм узэрыдзлажьэнур», «ЕджапIэ нэхъыщхьэ» - Iыхьищ къудейщ тхылъыр зэрыхъур, дэтхэнэ зыри шум бгъэдэлъын хуей Iэзэгъымрэ ар шым зэрырихьлIэну щIыкIэмрэ щытепсэлъыхьу.

Къэрал щхьэхуэхэм шы гъэсэн Iуэхур къызэрыщекIуэкIам и тхыдэм ириплъэжурэ, Iэщ1агъэлIхэм Урысейм шы спортыр щIыдэхуэха щхьэусыгъуэхэмрэ абы зыкъеГъэужьыжьын зэрыхуеймрэ гупсысэр ирашалIэ. «Гур хэзыгъэщIыр сыт жыпIэмэ, екIуу, лантIэу утыкум ита шым хэмызагъэ Iэмал пхъашэхэр ирахьэлIэн щIаддэри, ди шы спортыр зытета щыгум къехуэхащ, иджы «спорт» зыфIымыщыжьыфIын Iуэху зехьэкIэм къыщыхутащ», - дыкъоджэ адэкIэ. Артамоновэмрэ Евдокимовымрэ нэмыщ шы гъэсэкIэр къэгъэнауэ, латин шы гъэсэкIэ Iэмалым текъэжьын хуейуэ къалъытэ. «Япэ дыдэу шы лъэпкъыфI гъэсэкIэм теухуауэ къыпIэрыхьа дэфтэрым езы Цезарь Юлий и Iэщ1эдзыр щIэлъщ», - жыжьэу мэЗбэ я Iуэху елпъыкIэм кварурэ лъабжьэрэ зэриIэр пхагъэкIыну зи мурадкэр.

ТкIиягъымрэ щабагъымрэ, акъылымрэ гущIэгъуэмрэ я зэпылъыпIэр къызыхуэубыд шум шыр езым къедалуэу зэригъэсапхъэ дент Линкольн Авраам Iэщ1дзащ абы теухуа унафэм.

♦**1893 гъэм** «Кока-Кола» сату дамыгъэр япэу къагъэсэбэщащ.

♦**1924 гъэм** Советхэм я етIуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1943 гъэм** нэмыцIэ генерал-фельдмаршал Паулюс Фридрих зи пашэ дзэр Сталинград и деж къанэ щымыIэу къыщ1ащхъуреихьащ.

♦**1989 гъэм** уэгум лэжьэн щыщ1идзащ цIыху къырыкIэжкIын щхьэкIэ зэпкърыхьха кхъухьлъатэ нэхъ ин дыдэм - «Боинг 747-400»-м. Абы зэуэ цIыху 566-рэ ихуэрт.

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр.

♦**1996 гъэм** къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зэгъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦Австриэм къыщалъхуа, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа композитор **Шуберт Франц** къызэралъхурэ илъэс 222-рэ ирокъу.

♦Тхыдэжь, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий** къызэралъхурэ илъэс 182-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, маршал, Совет Союзым тIуэнейрэ и ЛIыхъужь **Чуйков Василий** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Куржы кинорежиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Лениным и цIэр зезыхьэу щыта саугъэтыр зрата **Абуладзе Тенгиз** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Адыгей уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артистxэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущIэ, политик **Иванов Сергей** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, режиссёр **Глаголевэ Верэ** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, къэрал къулыкъущIэ, щIэныгъэлI **Бабурин Сергей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Журналист **Ныбжьэ Таисэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэзэжырар* **ЖЬэКIэМЫхЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Имысрэ сымаджэрэ Iыхьэншэщ.

# Шы гъэсэкIэм теухуа тхылъ

**Ди щIэзджыкIакIуэхэм нэхъ пасэу и гугъу фхуэтщIат Артамоновэ (Къуныжь) Лидиерэ Евдокимов Александрэ зэдатха «Спортым хэт шыр зэрагъасэр» («Учебник по выездке спортивной лошади») тхылъым. Сыт хуэдэ тхылъи зыIэрыбгъэхьэну Iэмал къозыт интернет тыкуэнхэм я фIыгъэкIэ иджы ар къытIэрыхьащи, дигу кIынэжахэмкIэ дывдогуашэ.**

«ДИ ПЛЪАПIЭ нэхъыщхьэр къэралыгъуэмрэ лъэпкъымрэ тхыдэкIэ къыдагъуэгурыкIуа шы зехуэкIэ Iэмалхэм зыкъедгъэжьыжьыныр», - жIэ тхылъэр зи Iэдакъэщ1экIхэм. - Шы зехуэн Iэщ1агъэм и лъабжьэр зытIыпIуауэ къалъытэ Гериньер, Бошэ сымэ я гъэсэкIэращ къэдгъэлъэгъуэну дызыхэтыр».

«Ди тхьэ, сэркIэ ефIэкIуэнур зэрысхъуэжьын къару кIыхь, схуэмыхъуэжьнур сигу теухун хуэдэу бэшэчыгъэ сригъэкъу; зыр адрейм хэзмыгъэгъуэщн хуэдэуи Iущыгъэ къысхэлъхьэ», - а тхьэлъэIуэмрэ ирашажьэ зэщхьэгъуэсэхэм я хъыбарыр. «Ар ди бгъэдыхьэкIэу ттха лэжьыгъэр фи пащхьэ ныдолъхьэ», - гуапэу зыкъыхуагъазэ абыхэм тхылъеджэхэм.

КупщафIэм къыщымынэу, гъэщIэгъуэну узыIэпешэ «TIэщIэкIа ехъулIэныгъэр зэрызыIэрыдгъэхьэжыну щIыкIэр» («Формула утраченного успеха») зыфIаща пэублэмэ. «Шыр зэрызэбгъэдэIуэнур», «Шыщ1эм узэрыдзлажьэнур», «ЕджапIэ нэхъыщхьэ» - Iыхьищ къудейщ тхылъыр зэрыхъур, дэтхэнэ зыри шум бгъэдэлъын хуей Iэзэгъымрэ ар шым зэрырихьлIэну щIыкIэмрэ щытепсэлъыхьу.

Къэрал щхьэхуэхэм шы гъэсэн Iуэхур къызэрыщекIуэкIам и тхыдэм ириплъэжурэ, Iэщ1агъэлIхэм Урысейм шы спортыр щIыдэхуэха щхьэусыгъуэхэмрэ абы зыкъеГъэужьыжьын зэрыхуеймрэ гупсысэр ирашалIэ. «Гур хэзыгъэщIыр сыт жыпIэмэ, екIуу, лантIэу утыкум ита шым хэмызагъэ Iэмал пхъашэхэр ирахьэлIэн щIаддэри, ди шы спортыр зытета щыгум къехуэхащ, иджы «спорт» зыфIымыщыжьыфIын Iуэху зехьэкIэм къыщыхутащ», - дыкъоджэ адэкIэ. Артамоновэмрэ Евдокимовымрэ нэмыщ шы гъэсэкIэр къэгъэнауэ, латин шы гъэсэкIэ Iэмалым текъэжьын хуейуэ къалъытэ. «Япэ дыдэу шы лъэпкъыфI гъэсэкIэм теухуауэ къыпIэрыхьа дэфтэрым езы Цезарь Юлий и Iэщ1эдзыр щIэлъщ», - жыжьэу мэЗбэ я Iуэху елпъыкIэм кварурэ лъабжьэрэ зэриIэр пхагъэкIыну зи мурадкэр.

ТкIиягъымрэ щабагъымрэ, акъылымрэ гущIэгъуэмрэ я зэпылъыпIэр къызыхуэубыд шум шыр езым къедалуэу зэригъэсапхъэ дэлъын хуей Iэзэгъымрэ ар шым зэрырихьлIэну щIыкIэмрэ щытепсэлъыхьу.

Къэрал щхьэхуэхэм шы гъэсэн Iуэхур къызэрыщекIуэкIам и тхыдэм ириплъэжурэ, Iэщ1агъэлIхэм щIэныгъэ куу езыхьэлIа Лидиерэ Александрэ. Бэ тынщкIэ тха, итIанэми Iэщ1агъэм епха термин куэд къагъэщхьэпэурэ зэхагъэува тхылъыр щыр фIыуэ зылъагъу куэдым яфIэгъэщIэгъуэныну. Дуней псом Iэпэ зырызкIэ щхьэкIэ щыгъасэ бзылъхугъэхэм адыгэпхъэу зэрагъэтри уи гуапэ мыхъу Iуэхуу щытхъым.

Артамоновэ (Къуныжь) Лидие Париж къалэ дэт Католик университетым экономикэмкIэ и магистрщ, тореадорщ. Шыхэр корридэм хуэзыгъэхьэзыр, Португалием латин шы зехуэкIэ Iэмалхэм нэхъ Iэзэ дыдэу щыхуезыгъасэхэу Оливейр, Салгейрэ, Дуарте, Салем сымэ я деж щеджащ.

Евдокимов Александр 1974 - 1984 гъэхэм СССР-м шы спортымкIэ и тренер нэхъыщхьэу щытащ, 1968 гъэм екIуэкIа Олимпиадэм хэтащ, Урысейм щIыхь зиIэ и тренерщ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

## НОБЭ

♦**Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защIэгъэкъуэным и дунейпос махуэщ**

♦**ДыщэкIым и дунейпос махуэщ**

♦**1714 гъэм** Санкт-Петербург и Гъэмахуэ уардзуэм Пётр Езанэм и унафэкIэ къыщызэрагъэпэщащ «Пащтыхьым и лжьапIэ пэщ» - Кунсткамерэр. Ар иужькIэ Урысейм щыяпэ музей ящIащ.

♦**1714 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ и бынгъащIэтхэм я бынхэм щIэныгъэ егъэгъэтыным теухуауэ. Абы игкIэ иткIэ, ешыджа щIалэхэм щхьэгъуэсэ къашэну хуит ящIынутэхьым.

♦**1729 гъэм** Истамбыл щытрадзащ хъэрыпэ хьэрфхэр къагъэсебэпурэ ятха япэ тхылъыр - тырку псалъэр.

♦**1864 гъэм** дэтхэнэри щIыхьэну хуиту Москва къыщызэIуахащ «зоологие сад»р - « къалащхьэ и зоопаркыр.

♦**1865 гъэм** цIыху ягъэпщIылIу мыдэным теуха зэхъуэкIыныгъэ я конституцэм хилъхьащ США-м и Конгрессым. КъыкIэлъыкIуэ махуэм къэралым и президент Линкольн Авраам Iэщ1дзащ абы теухуа унафэм.

♦**1893 гъэм** «Кока-Кола» сату дамыгъэр япэу къагъэсэбэпащ.

♦**1924 гъэм** Советхэм я етIуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1943 гъэм** нэмыцIэ генерал-фельдмаршал Паулюс Фридрих зи пашэ дзэр Сталинград и деж къанэ щымыIэу къыщ1ащхъуреихьащ.

♦**1989 гъэм** уэгум лэжьэн щыщ1идзащ цIыху къырыкIэжкIын щхьэкIэ зэпкърыхьха кхъухьлъатэ нэхъ ин дыдэм - «Боинг 747-400»-м. Абы зэуэ цIыху 

● «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр къыІэрыдэкІрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу

# Къэрал гулъытэ зыгъуэтахэр

***Мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м илъэс 95-рэ ирикъунущ «Адыгэ псалъэм» и япэ номерыр дунейм къыІэрытехьэрэ. Абы льандэрэ гъащІэм къыщыхъуэ зэхъуэкІыныгъэхэм деклуу, зыІуэ лъэпощхьэпохэр къыІэранэкІыфу къоГуэгурыкІуэ адыгэбзэкІэ ди республикэм къыщыдэкІ газет закъуэм и лэжьакІуэхэр. ЦІыхуищэхэм я гуащІэ хэлъщ «Адыгэ псалъэм» нобэ зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэм.***

***Я егугъуныгъэм, жэуаплныгъэ яхэлъу я ІэнатІэхэм зэрыпэрытам папщІэ газетым и лэжьакІуэ куэдым къратащ къералым и дамыгъэ лъапІэхэр. Абыхэм ящыщщ мыхэр:***

**Апажэ Назир Жамырзэ и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Бекъан Чыланий Машэ и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Бекъуй Токъан Мацу и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Бэрбэч Зубер Іэуес и къуэр** - Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист;

**Джэрыджэ Арсен Хьэнахъуэ и къуэр** - КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Джалэс Таужид Бэтмырзэ и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Джаурджий Іэбисал Улэ и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ;

**Емыш Хьэдис Дулэхь и къуэр** - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр зрата;

**Журт Биберд Къумыкъу и къуэр** - КъБР-м ГъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Жыласэ Заурбэч Щлэпуат и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Жыласэ Маритэ Тамбий и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**ЖъэкІэмыхъу Маринэ Музарин и пхъур** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ;

**Къаныкъуэ Заринэ Сэ1эдулэ и пхъур** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Къэмбэчокъуэ Іэдэм Муштэхьид и къуэр** - КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр** - УФ-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ;

**Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Къуэуэ1уфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр** - Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Мамбэт СэІэдулэ Мыхьэмэт икъуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Мамий Руслан Хьэрэ1ил и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Мэзыхьэ Борис Бесльэн и къуэр** - УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъШР-м, Адыгейм щІыхь зиІэ я журналист;

**Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэр** - КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр зрата;

**Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр** - РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ;

**НэщІэпыджэ Замирэ Лиуан и пхъур** - Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист;

**Уэрдокъуэ Женя Мырзэкъан и пхъур** - КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Уэрыш Нурхьэлий Хъызыр и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Тэнащ Анатолэ Мухьэдин и къуэр** - КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр зрата;

**ТІымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и къуэр** - КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Тхьэмокъуэ Барэсбий Гъумар и къуэр** - КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**ХьэфІыцІэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр** - Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я журналист;

**Хьэх Сэфарбий Хьид и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Шал Мухьэмэд Къасым и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Шэджыхьэщ Хьэмыщэ ТІру и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ;

**Ширдий Маринэ Хьэжумэд и пхъур** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Щыбзыхьэ Мухьэдин Хьэмырзэ и къуэр** - КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ;

**Щомахуэ Владимир Алексей и къуэр** - КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист;

**Щхьэщэмыщ1 Изэ Барэсбий и пхъур** - Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист.

# Щапхъэ зытетхыу щыта нэхъыжьыфІ

**«Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр къыІэрыдэкІрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу» рубрикэр нобэ къыІэлудох ди лъэпкъ журналистикэм зиужьыным хэлъхьэныгъэ къыІэрымыкІуэ хуэзыщІа Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэм теухуа тхыгъэкІэ.**

АР Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым хьихьэ Аруан щыналъэм и Старэ Щэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1928 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м къыщалъхуащ.

ЩІэныгъэм цІыхухэр щыщІэхъуэпс лъэхъэнэт Суфян зыхалъхуар икІи бгъэщІагъуэ хъунукъым щІалэ цІыкІури а нэхугъэм хуэпабгъэу къыІэрыхьуар. Къуажэ школым хъарзынэу щеджа щІалэр гугъехьышхуэ хэмылъу щІэтІысхьащ Къэбэрдей пединститутым литературэмрэ бзэмкІэ и къудамэм икІи ар 1950 гъэм къиухащ. ФІыуэ зэреджэм, дахэу цІыхухэм зэрахэтым пщІэшхуэ хуащІу, ар а зэманым Налшык къалэ Советым и депутату хахауэ щытащ, студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я лыкІуэу.

Зэреджэм хуэдэурэ ар «Къэбэрдей пэж» газетым корректору щылажьэрт. А зэманым а курсыр зи нэІэ щІэта Къардэн Бубэ тригъэгушхуэри, Суфян адыгэбзэ, урысбзэ къудамитІми зэуэ щеджащ. Ар тынштэкъым, дауи, ауэ щІэныгъэм хуэпабгъэ щІалэм факультетитРи диплом плъыжькІэ кьиухащ.

Республикэм Іэщ1агъэлІэр къыщемэщІэкІ зэмант. ЕджапІэ нэхъыщхьэр ехъулІэныгъэкІэ къэзыуха Суфян «Къэбэрдей пэж» газетым и хуэдамэхэм ящыщ зым и унафэщІу яГъэвауэ, дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ. Зыхэхуа гупым я нэхъыфІхэм хабжэ Мырзэкъаныр полк еджапІэм ягъэкІуащ. Сержант цІэр иІэу ар къеухри, офицерхэр псынщІэу щагъэхьэзыр еджапІэм и щІэныгъэм щІепещэ. Лейтенант цІэр къыфІащуэ дзэ къулыкъур 1954 гъэм кьиухащ адыгэ щІалэм.

А гъэ дыдэм абы Псыгуэнсу и курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкІэ щригъаджэу щІидзащ. КъыкІэлъыкІуэ гъэ еджэгъуэщІэм Мырзэкъаныр Старэ Щэрэдж егъэзэж, къуажэм дэт курыт школым и завучу. Абы куэдрэ зэщІагъэІэжьакъым щІалэ акъылыфІэм - парт лэжьакІуэ нэс къыІэрыхьэкІынум гу лъатэри, обкомым и инструктору яшащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр редактор нэхъыщхьэ хуей щыхъум, партым и обкомым а кулыкъур дзыхь хуищІащ Мырзэкъаным.

1955 гъэм Суфян и пщэ кьыдалъхьащ школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр кьыдэгъэкІынм епха лжэныгъэ мытыншыр. ИльэсищкІэ абы щылэжьауэ, 1958 гъэм партым и обкомым яшэжащ икІи 1962 гъэм «Пенин гъэзгум» (арат абы щыгъуэ адыгэ газетым зэреджэр) кьагъэкІуэжащ. Газетым и бзэр узэщІын, и купщІэр егъэфІэкІуэн хуейти, а Іэхъум зэрыкІуэльхьаныгъэ зыкъэзыгъэлъэгъуа Мырзэкъаным редакторым и къуэдзэ къулыкъур дзыхь хуащІащ.

Газетым сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьыным и гуащІэ ирихьэлІащ а ЦІыху тельыджэм. ЛэжьакІуэ гупышхэр игъэгушхуэу, и чэзум я ныкъусаныгъэхэр яригъэлъагъуэрэ ар яГъэзэжьыныкІи ядэІэпыкъуу илъэс куэдкІэ къадекІуэкІащ. Суфян сыт хуэдэ ІэхъукІэ, ар лэжьыгъэм пымыщІауи щрырети, убгъэдыхьами, ущигъэуэнутэкъым, щабэу къыбгуригъаІуэрт пщІэн хуейр. Ар цІыху хэтыкІэ зыщІэ, сыткІи щапхъэ унафэщІт, Іэдэбт, пщІэ зыхуэозыгъэщІ нэхъыжьыфІт.

Ди редакцэм щыщылэжьа илъэсхэм журналист Іэщ1агъэм хуигъэсахэм я бжыгъэр кьыпхуэзыІэныр зэтэнукъым - кьыдэлэжьаХэм яхэткъым ар зыгуэркІэ сэбэп зыхуэмыхъуа. Абыхэм ящыщхэр ноби мэлажьэ икІи куэдрэ фЫкІэ ягу кьагъэкІыж я Іэщ1агъэм, ГъащІэм кьащцыхуэщхьэпэн чэнджэщхэр кьезыта, щапхъэ зытрахыу щыта нэхъыжьыфІыр.

ЩхьэхуэУ тепсэлъыхьын хуейщ Суфян зэдзэкІакІуэ Іэзэу зэрыщытам. ЖылагъуэУ, политикэ Іэхуэхэм ятеуауэ тхыгъэ гугъуэхэр абы хуэдэу тэмэму адыгэбзэм кьызыгъэзагъэ а зэманым гъуэтыгъуейт.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, и лэжьыгъэр хьэлэлу, абы гурэ псэкІэ етауэ илъэс хьщІкІэ зыгъэзэщІа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьа а цІыху щыпкъэм хуэфащэ пщІэи игъуэтащ. Суфян тІэунейрэ кьыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр, кьратащ Лениныр илъэси 100 щрикъум и щІыхькІэ кьыдагъэкІа фэеплъ медалыр, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ цІэ лъапІэхэр кьыфІащащ, саугъэт лъапІэхэмкІэ куэдрэ игъэпэжащ.

ЛъэпкъэкІ журналистикэм зегъэужьныным зи гуащІэшхуэ хэзылъхьа, цІыху куэдым я арэзыныгъэ къэзылэжьа Мырзэкъаным Суфян 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м дунейм ехьжащ.

● КъБР-м и прокуратурэм

# Хабзэр щагъэзащІэртэкъым

**Бахъсэн районым и прокуратурэм къипщытащ Ислъэмей къуажэм и школ №24-м лэжьыгъэм теуха хабзэхэр зэрыщагъэзащІэ щыкІэр.**

НАІУЭУ зэрыщытщи, Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым и 136-нэ статьям иткІэ, зыгъэпсэкъугъэ лъэхъэнэм пэкІуэ ахъшэр цІыхум иратын хуейщ отпуск щІидзэным махуищ иІэжу. Абы фІагъэкІ хъунукъым.

Ардыдэм и 236-нэ статьям щыубзыхуащ лжэныгъэ къэзытыр а зэманым кьимытІасэмэ, абы процент щхьэцитыкІын хуейуэ: ахъшэу лъысым и Іыхьэ 300-м нэхърэ мынэхъ мащІэ щІригъэгъуа махуэ кьэс хуэзэу. А бжыгъэр кьаІэт хъунущ лэжьыгъэкІэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ар кьыщагъэлъагъуэмэ. Ахъшэр лэжьакІуэм Іэрыхьэн хуейщ ар щІагъэгъуэм лжэныгъэр кьезытым и кьуаншагъэ хэлърэ хэмылърэ емылъытауэ.

Къэпщытэныгъэм кьигъэлъэгъуащ зи гугъу тщІы школым и бухгалтер нэхъыщхьэм лэжьыгъэ законодательствэм щыубзыхуахэр зэримыгъэзэщІар икІи хабзэм кьигъэуэн пІалъэм кьитІасэу егъэзджакІуэхэм яІэрыхьэн хуей ахъшэр зэрыримытар.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуахэр зэхигъэкІын папщІэ КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ и къэрал инспекцэм яГъэхьащ

**ЦЕКЪУ ПІатІ.**

# ГъащІэр анэмэт зыхуащІ

Очерк

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и дохутыр, Узышагъэр хьумэнымкІэ Іэнатіэм и отличник, Зеикъуэ дэт район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КІуэкІуэ Миланэ (Светланэ) Мухьэмэд и пхъур жылагъуэм зи пщІэр щыпагъэ бзылъхъуэ щыпкъэщ. Илъэс 45-м щигъуауэ зыхэт гупми, жыпІэнурамэ, къэзыщІыху дэтхэнэми псалъэ гуапэ куэд хуэжаІэ абы. ЦІыхум фІыуэ укъалъагъуныр, узыхэтым уи зэфІэкІыр къалъытэныр, дауи, насыпщ. Сыт а насыпыр КІуэкІуэм къыхуэзыхьар жыпІэмэ, шэч хэмылъу, и дуней тетыкІэ дахэрщ, и лэжьыгъэм хуиІэ бгъэдыхьэкІрщ, щхьэхрэ еэзэщэ имыщІэу и мурадхэр зэрызригъэхъулІэрщ.**

МИЛАНЭ сытым дежи нэхъыфІым хущІэкъуу, нэхъыбэ кьиізэрищІэным хуэпабгъэу къэхъуащ. Зэрысабийрэ дохутыр Іэщ1агъэм дихьэх хъыджэбзыр, абы и адэ шыпхъур щапхъэ хуэхъуат, курыт еджапІэ нэужым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэм щІэтІысхьащ. Сымаджэщым практикэ щыІа нэужь, абы хьэкъ щыхъуащ кьыхиха Іэщ1агъэмкІэ зэрыщымыуар. Іэхъум нэхъыбэу зэрызыщигъэгъуэзэным хущІэкъуу, тхьэмахуэ махуэм щылажьэу щІидзащ Республикэ клиникэ сымаджэщым.

Университетыр кьыщиухым, егъэджакІуэхэм Миланэ и щІэныгъэм адэкІи пищыну кьыхуураджат. АрщхьэкІэ: «Куэдщ адэ-анэр гугъу зэрезгъэхьар, иджы сэращ абыхэм ядэІэпыкъун хуейр», - жиІэри лэжьэну мурад ищІащ.

Іэнатіэ нэхъыфІ увыну Іэмал иІами, Бахъсэн район сымаджэщым терапевт хуэйуэ кьыщищІэм, абы лэжьэн щыщІидзащ КІуэкІуэм. И щІэныгъэр нэсу къигъэсэбэпу, и лэжьагъу нэхъыжьхэм якІэлъыплъ Миланэ псынщІэ дыдэу Іэхъум хэзэгъащ. Абы куэдрэ гуапэу игу кьегъэкІыж лэжьыгъэм и щхьэ куэд кьищІэныныкІэ чэнджэщ щхьэпэхэмкІэ дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъуа терапевтхэу КІэщт Музэринрэ Бырхьэм Анатолэрэ.

...НИТІЫР абджыпсым тодие. Узым иІыгъ цІыхупсэр мэзэхащ. Бетэмал, илъэс ипэкІэ дуней псор кьыхуэзгъэІуныщІэну къигъэгугъэрт. Кьурш щхьэжьыжьэми, дыгъэпсми, мэз пІыкІэ псынэхэми и гуащІэ хэдэгугъуэхыр. Иджы-щэ? Сымаджэщыр, унэр, ахэр зэпызыщІэ гъэзгур - и дунейр зэрыхъур ираща.

КъеІэзэ дохутырыр цІыхугъэшхуэ зыхэлъ, зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, щыІажьэ районым и мызакъуэу, республикэ псом кьыщацІыху КІуэкІуэ Миланэщ. Абы и щытхъу куэд зэрызыхихам сымаджэм гугъэ гуэрэр кьрет.

- Узым сыкъиутІыпщыркъым, жэщми махуэми псэхугъуэ кьызитыркъым, - кьыхуотхьэусхэ дохутырым Кьуп1ьку-жьн Ипщэ кьуажэм кьикІа, зи фэм имытыж бзылъхъэр. Дохутыри Іэзи жысІэми, куэдым сыкІуащ. ПІалъэкІэ нэхъыфІ сащІ мыхъумэ, узым сыІэщІэкІыркъым. Уи хьыбарыфІ зэхэсхати, си щхьэр къосхьэлІащ.

КІуэкІуэр сымаджэм жиІам гупсэхуу щІэдэІуащ, кьыхэзыІэзэхьыр зригъащІэри, еІэзэн щІидзащ. Куэд дэмыкІыуи, уэзыш хуэлІа къэкІыгъэ гъуэлам уэлбанэ нэужьым зыкъызэриужьыжьым хуэдэу, сымаджэм и узынщагъэм зыкъыгъэзащ.

«Дэтхэнэ сымаджэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьыхуэгъэтри, гур игъэзагъэу йолІэз Миланэ. И Іэхъу зехьэхІэми, псэлъэкІэми, и хьэл-щэнми кьыбжаІэ ар дохутырр Іэщ1агъэм кьызэрыхуигъэщІар. Узыр зэуэлІа цІыху Іэпкъльэпкъым и закъуэкъым ар зэІэзэр, атІэ псэми и дохутырщ», - жаІэ КІуэкІуэм игъэхуэжахэм.

- Зеикъуэ къуажэм дэт сымаджэщыр терапевт хуейуэ жаІэри, сэ абы сыкІуэнщ, - зыхуигъэзащ Миланэ дохутыр нэхъыщхьэ Бырхьэмым.

- Уэ нэхъ Іэнатіэфі удгъэкІуэну ди гугъэщ, - жеІэ нэхъыщхьэм. - Абы щылэжьэни ядгъэгъэтынщ.

Арщхьэкіэ КІуэкІуэм тригъэчныныхьри, зыхуейр пхигъэкІащ.

...Илъэс 45-рэ ипэкІэ Миланэ здэкІуа сымаджэщыр щытыкІэ гугъуэм итт. И унэр кьхьахт, пэш зыхьІбл хъуэ арат, ари фІамыщІкІэ яГъэлъэ, Іэщ1агъэлІкІи нэсу кьызэгъэпэщатэкъым. Дауэ мыхъуми, кьыпикІуэтакъым гугъуэхьым КІуэкІуэр. Шэч хэмылъуи, зыпэрыхьэ Іэхъур цІыхубэ гуащІафІэм кьыщІехьэлІэр и Іэщ1агъэр фІыуэ зэриІьагъурщ.

Дохутырым и кабинетым пІейтеягъ хэлъу кьыщІыхьа цІыхубзым жеІэ: «Электрофорезыр сэмызэгъэшу кьысщощхуэри, афІэкІа сыкІуэнукъым». Сымаджэм и гукъеуэм Іэдэбу едаІуэри, Миланэ абы зыхуигъэзащ: «Сэ бжеСІатэкъэ узыр заншІэу зэрымыкІуэтынур? Щ1ігуэзэн щыІэкъым. МахуитІкІэ зэпыгъэу электрофорезри, итІанэ зэрыбжеСІам хуэдэу адэкІэ егъэкІуэкІ, хущхьэхэри зэхьэлІэ».

Тхьэмахуэ дэкІыу а цІыхубзым сыщрихьэлІам, абы и щытыкІэмкІэ кьапщІэрт нэхъыфІ зэрыхьужар.

- Уэ зыпкърыт цІыхур тэмакъкІэщІ, зыгъэгусэрей, гурыщхьэщІ мэхъу, - жеІэ КІуэкІуэм. - Абы кьыхэкІыу дохутырым шыІэныгъэшхуэ хэлъыпхъэщ. Хущхьэр ирихьэлІэн и пэкІэ, псалъэкІэ еІэзэн хуейщ ар сымаджэм. Имыгъэгужьейуэ и Іэхур зыІутыр кьыгуригъаІуэрэ гугъэ ириты-жьфу.

Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ бзылъхъугъэ Іэдэбщ, зэпІэзэрытщ КІуэкІуэ Миланэ. Зэманым дэбакъуэ цІыхущ. Сытым дежи и щІэныгъэм зэрыхигъэхъуэным хущІэкъурэ, а кьищІар и Іэнатіэм кьызэрыщигъэсэбэпыным иужь ity апхуэдэщ. Аращ и пщІэри щІэлъагэр.

- Уи узынщагъэр сыт хуэдэ, Муштэфар? - йоупщІ дохутырыр и деж кьыщІыхьа дадэм.

- СыІейкъым иджьпстыкІэ, си гугъакъым си лъакъуэхэр теувэжыну, - кьретыж жэуап. - Уэр мыхъуамэ, Тхьэм ищІэнт си Іэхур кьызэрыщІидзынур. ГъащІэ кІыхь ухьу!

- Гукъыдэж сиІэу гъащІэм сыхэбгъэпльэжащ. Жьыгъэм узыфэ Іэджэ кьызэрыдэкІуэр хэт зымыщІэр. Си лъэр щІэзыгъэуэ узыфэр сщхьащІыпхащи, сыпхуэарэзыщ. Уи Іэщ1агъэм и хъер Тхьэм уигъэльагъу, - жеІэ Кьулъкъужьи кьуажэм кьикІа нанэм.

КІуэкІуэм и деж щІыхьэну бжэм щІэзэхэтыр куэд мэхъу, уахэдэІухьмэ, зэхьбох дохутырым хуэгъэзэвэу жаІэ псалъэ гуапэ куэд. Апхуэдэщи, цІыху зэблэкІыр пщІыхьэщхьэ хъухукІэ зэпыуркъым...

Миланэ сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ яхуохъу игулажьэ гупым. Абыхэм мымащІэу яхэтщ ар гъэзугъэлъагъуэ зыхуэхьуахэр. Сымаджэщым и кьудамэм ящыщ зым и унафэщІ Кьунижь Джульеттэ куэдрэ игу кьокІыж Іэнатіэм щыпэрыувэм КІуэкІуэм кьыжриІа псалъэхэр: «Уи лэжьыгъэм гукъыдэж кьущитынур ар фІыуэ пльагъумэщ. АбыкІэ сэбэпынагъ ЦІыхухэм кьащцыхуэпхьынри уи щІэныгъэм, зэфІэкІым зэрыжсбгъэхъуэным ухущІэкъумэщ. ФІыуэ пльагъу Іэнатіэ зэрыпхьунри».

...ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭР кьезыхьэлІа дохутырым унэм кІуэжьну зигъэхьэзыру телефоныр кьеуащ. «ПсынщІэу ди деж укъэсыфамэ арат, ди анэм и щытыкІэр хьэлъэщ. Уэ фІэкІа зыри зригъэплъын идэркъым», - гужьеяуэ жеІэ кьэпсалъэм.

Зэрешари щыгъупщэжауэ, Миланэ сымаджэм и деж нэсащ, икІи абы и Іэхур тэмэм хъужьыху я унэ еКІуэлІэжакъым. Мис апхуэдэ Іэхэу бгъэдыхьэкІэ зэрІэкІащ цІыхухэм я дзыхь КІуэкІуэм щІрагъэзэри, фІыуэ щІалъагъури.

ГъащІэр насыпт дахэкІэ зыхуэупсахэм ящыщщ Миланэ. И гум кьыдыхьэ Іэнатіэм пэрытщ, унагъуэ дахэ иІэщ, зыхэт гупым и пщІэр щыпІагъэщ.

Иджыблагъэ КІуэкІуэ Миланэ илъэс бжыгъэ дахэ зэзырикъур игъэльэпІащ. Дохъуэхъу бзылъхъугъэ щыпкъэм гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщІэу ГъащІэ дахэ адэкІи Тхьэм кьыхуэзэпищэну.

**КЪАРДЭН Мухьэмэд,**
*УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.*
*Ислъэмей къуажэ*

● ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр

**ЗэфІэкІ ин иІэу къегъэлъагъуэ Къармэхьэблэ щыщ Абыдэ Мусэ Тажудин и къуэм. Ар академие зыбжанэм хэтщ, медицинэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ.**

# Налшык къалэ хасэр зэхуос

**ЩІышылэм и 29-м Печатым и унэм щекІуэкІащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къудамэмрэ КъАХ-м и хасащхьэмрэ я зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ жылагъуэ зэгуэныгъэм и тхьэмадэмрэ абы и къуэдзэмрэ хэхыным.**

ЗЭІУЩІЭР езыгъэкІуэкІар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэдщ**. Абы къыхилъхьэри, КъАХ-м и Налшык къудамэм и тхьэмадэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну хуагъэфэщащ **НафІэдз Мухьэмэд**.

НафІэдз Мухьэмэд Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщщ. Абы къиухащ КъБКЪУ-м и филологие факультетым и адыгэбзэ къудамэр, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтыр. ТхакІуэщ, илъэс 32-рэ мэхъу. «Іуащхьэмахуэ» журналым щылэжьащ, иужьрей илъэсхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентщ.

Налшык къудамэм и тхьэмадэм и къуэдзэу къагъэлъэпІэнрэ Аруан щыналъэм Щэнхабзэмкіэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Зыхьэ Оксанэ**. Ар адыгэ Іэхум хуэжьджэр, зи Іэр хуэпсыщІэ бзылъхъугъэщ, Налшык къалэ щопсэу.

Къыщэхуэсахэм зэдзэрэзыуэ Іэ яІэтащ НафІэдзэмрэ Зыхьэмрэ папщІэ.

Абы къыдэкІуэу гъатхэпэм Налшык щекІуэкІыну КъАХ-м и XI зэхуэсышхуэм кІуэну лІыкІуэхэри хахащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



# ЩІАЛЭГЪУЭ

Напэкіуэцкіыр зыгъэхъэзырыр Багъэтмыр Луиззщ

## Къуэпсапіэхэр нахуапіэ мэхъу

**«Гуащэнэ. Пащтыхь Гуащэм къикІуа гъэзугуанэр» ныбжьыщІэ 2018 гъэм дунейм къытехьащ. Ар зи Іэдакъэщіэкіыр Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым хореографиемкіэ и къудамэм и студент, режиссурэм дихьэх, 2018 гъэм екіуэкіа «Королева Кавказа» зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ Къамбий Амирщ. Ар фильмым и продюсерщ, сценаристщ икІи режиссёрщ.**

Къамбий Амир

КЪАМБИЙМ а фильмыр трихыну игу къыщыкІам иджыри школым щеджэрт. Абы щыгъуэм ар и хъуэпсапІэхэм ящыщу арат, зэгуэр къехьулІэнкІэ хъунуи и пщІыхьапІэ къэмыкІыу. 11-нэ классым щІэсу абы лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн къаратат - къэралхэм я тхьдэр ирагъэджын папщІэ инджылызбзэмкІэ екІуэкІыну зэпеуэм хэтын хъуэрейуэ. Амир куэдрэ мыгупсысэу, Идар Темрыкъуэ Мариерэ Инджылызым и яп пащтыхь гуащэ Тюдор Мариерэ щызэригъапщэ спектакль иГъуэващ. МазищкІэ зызыхуагъэхьэзыра а лэжьыгъэм зэпеуэм явыпІэр къыщыхьат. А текІуэныгъэм щІалэр нэхъри тригъэгушхуэ Гуащэнэ теухуа фильм щхьэхуэ трихыным.

- А спектаклым и ужькІэ, абы фильм къызэрытесщІыкІынум сегупсысу щІэзджашІ, - жеІэ Къамбийм. - Сценарийр стхащ. Си мурадым пыухыкІауэ иужь сыщыхьар Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и 2-нэ курсым сыщеджэщу. Сценарийм и яп лІэужьыгъуэм япэу къезгъэджар 2017 гъэм «Адыгэ пщащэ» зэхьэзэхуэм щытекІуа Хьэмгъуокъу Элинэщ. Фильмым и зы Іыхьэм (Іыхьи 3 мэхъу) щыджэгуну ар къыщезгъэблагъэ, и гуапэ хъуат а бзыльхугъэ щІэрыІуэм и гъэщІэ гъэгуанэр къигъэльэгъуэну Іэмал зэриІэнур. Фильмым ди щІыналъэм и дахагъэмрэ къулеягъэмрэ кІыхьэщыну сыщІэхъуэпсырти, Тырныауз, Былым щыпІэхэм щытетха пычыгъуэхэри абы хэзгъэхьащ.

Іэхум иужь щихьэм, Къамбийм, дауи, тхыдэр щІиджыкІыжащ. Абы къеГъэльагъуэ Гуащэнэ и сабиигъуэм щегъэжьауэ Гроэный Иван щрата махуэм нэс.

Къамбийм и фильмым роль нэхъыщхьэр щигъэзэщІащ езым и егъэджакІуэ, КъБР-м щыхьх зиІэ и артисткІэ Битокъу Оксанэ. ЩІалэм жеІэ и яп лэжьыгъэм и егъэджакІуэр зэрыхэтам зэрыригушхуэр, хэта къудей мыхъуу, чэнджэщакІуэ зэрыхуэхъуар. ЦІыхубз роль нэхъыщхьэр игъэзэщІащ (ныбжькІэ ельытауэ) «Адыгэ пщащэ - 2017 гъэ-зэпеуэм яп явыпІэр къыщыдыхьа Хьэмгъуокъу Элинэрэ яп классым щІэсэ Зэшэкіуий Маизэрэ. Идар Темрыкъуэ и ролыр игъэзэщІащ Жылау Мурат. Режиссёр щІалэм къыхеГъэщ Жылауэр актёр Іэщ Іагъэм хуемыджами, пащтыхьым и ролыр къызэрымыкІуэу абы къызэрехьулІар, и джэгукІэр куэдым я гум зэрыдыхьар. Гуащэнэ и анэм и ролыр игъэзэщІащ Щоджэнщ ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Багъ Иннэ.

Фильмым и операторыр Къуэкъуей Исрэмащ, фащэхэр зыгъэхьэзырар Накуэ Асльэнщ, лІыхъужьхэм я теплъэм елэжьар Абазэ Бэллэщ.

- Фильмыр яп дыдэу щыдгъэлъэгуащ Налшык къалэм дэт «Берег» шхапІэм. Си дежкІэ гуапэ дыдэт, апхуэдэуи сызыпэмыплъат Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм тетхар ирагъэлъагъуну зэрыхуейр къыщыжаІам. 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Нью-Йорк ар утыку къыщитхьащ икІи кІаззэрыщыхъуар, ягу зэрырихьар къызыхэщ тхыгъэхэр къысІэрагъэхьэжащ. Гуащэнэ, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ кІулейм пищащ, арат апхуэдизу абы теухуа лэжьыгъэ сщІыну сыщІыщІэхъуэпсар, - жеІэ Амир.

«А-продакшн» Іэхуэщ Іапіэр къызэрыгъэпэщауэ, Къамбий Амир щэнхабзэм теухуауэ мэлажьэ, и ныбжькІэ щІалэмии, абы куэдкІэ узыщІегъэгуГъ.

**ДЖЫЛАХЪСТЭН Синэмис.**

## Къантемыр и мурадхэр

***«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «ЩІэблэщІэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщІ Тэтэр Къантемыр (Кэнжэ къуажэ) республикэм и щІалэгъуалэ жыджэрэм ящыщщ.***

***Пятигорск къэрал университетым «Политикэ ІэщІагъэм хуегъэджэнымрэ иджырей менеджментымкІэ школ нэхъыщхьэ» и факультетым и бакалавриатыр 2016 гъэм кьиуха нэужь, а еджапІэ дыдэм и магистратурэм Тэтэрым и щІэныгъэм щыпищащ. КьыхэгъэщІпхъэщ, Къантемыр университетым и студент нэхъыфІ дыдэхэм хабжэу зэрыщытар, абы и щыхьэтщ 2012 гъэм ар «Илъэсым и студент» зэрыхъуар.***

**- Ди зэманым щІалэгъуалэм зрагъэгъуэта щІэныгъэм хуэфащэ Іэнатіэ щамыгъуэтыр нэхъыбэщ, Къантемыр. Уэ университетым кьыщІэпха щІэныгъэр къыхуэщхьэпа, кьыпхуэгъэсэбэпа?**

- Сыт и лъэныкъуэкІи кьыслухуэщхьэпауэ сухужьІэнущ. Абы си къэухьым щыхэзгъэхъуащ, зыщызужьащ. ЕджапІэм сыщІэсыхукІэ, Урысейм и студентхэм я спорт клубхэм я зэгухьэныгъэм и нэІэ щІэту университетым щылажьэ спорт Іэхуэщ Іапіэм и унафэщІу сыщытащ. Къапщтэмэ, жылагъуэ Іэхуэхэм куэд щІащ, сызэрыдахьэхэр: КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и комиссэм и унафэщІу сыщытащ, мы зэманым «ЩІэблэщІэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэр си нэІэм щІэтщ. Пэжыр жыпІэмэ, сыт щыгъуи сыщІэхъуэпсырт политик сыхъуну, цІыхум сэбэп яхуэхъун Іэхуэ гуэр зесхуэну. Абы и лъэныкъуэкІэ «ЩІэблэщІэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Абазэ Къанкъ щІыпІэ зыщыдгъэгъуэзэнрат ар зытедухуар. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэм яГъуэт гулъытэм хуэдиз колледжхэм щеджэхэм зэрамыІэр къэтІльытэри, абы къетшэлІат Налшык къалэм дэт автодорожнэ, юридическэ колледжхэм щеджэхэр. Къапщтэмэ, нэхъыбэу дызыдэлэжьэну дызыхущІэкъур школакІуэхэмрэ курыт Іэщ Іагъэ зэзыгъэгъуэтхэмрэщ.

Къищынэмыщ Іауэ, «ЩІэблэщІэ гвардием» и Налшык къалэ щыпІэ къудамэмрэ «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ зэгъэсэу долажь щІалэгъуалэр экстремизмэм пэІэщІэ щыным. НыбжьыщІэхэм даІуощІэ, гъэзгу захуэм зэрытетыным къыхуДджэ.

Апхуэдэуи и гугъу сщІыну сыхуейт «�щІэблэщІэ гвардие-м и Штаб нэхъыщхьэм и лэжьакІуэ Цхорвебовэ Аланэ триха «Не время для героизма» фильмым. Ар Канны щекІуэкІа 71-нэ кинофестивалым щагъэлъэгъуащ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэсхэр (студент 400 хуэдиз) иджыблагъэ абы едгъэпльащ. Хэкум и хьмакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу ягъэльагъуэ фильмым къыхощ Урысейм и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу ныбжьыщІи 7-м зэрахьа лІыхъужьыгъэм теухуа хъыбархэр. Псым, мафІэсым, нэгъуэщІ къэхъуакъащІэ шынагъуэхэми псэзэпылъхьэпІэ хэхуахэр къраГъэлыну зыхуэзфІэкІа апхуэдэ лІыхъужьхэр ди республикэми зэриІэм шэч хэлъкъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр тцІыхуркъым. Абы къыхэкІыу, мы проектым дэри пытщэну ди мурадщ, лІыгъэщІапІэ ихуа ныбжьыщІэхэм кьалъыкъуэкІа лІыхъужьыгъэр къэрал псом ящІэну яхуэфащэщи.

- «ЩІэблэщІэ гвардие»-м и унафэщІ Абазэ Албэч игъэхьэзыра проектымкІэ кьыдагъэкІащ зи ныбжьыр илъэс 35-м нэсхэм папщІэ аптекэхэм, шхапІэхэм, клиникэхэм Іэхуэтхьэбзэ кьыщыхуащІэм проценти 5-м кьыщыщІэдзауэ 20-м нэс зэрыхукІэрагъэхуну дисконтнэ картэхэр. Ахэр иратынущ нэхъ хуэмыщІахэм, фІыуэ еджэхэм, егъэджакІуэ щІалэхэм.

Пэжыр жыпІэмэ, «�щІэблэщІэ гвардие»-м нэгъуэщІ лэжьыгъэ куэди зэфІегъэкІ. Абы и къудамэхэр республикэ псом щолажьэри, махуэ къэс сэбэп зыпылъ зы Іэхуэ гуэр зэфІах. Сыщымыуэмэ, зэгухьэныгъэм мы зэманым цІыхумини 2-м щІигъу хэтщ.

**- Уэ езыр сыт хуэдэ Іэхуэ яужь уит?**

- ИльэситІ хьуауэ солэжь «КъБР-м и спорт лІыхъужьхэр» зыфІэсщэ Іэхуэм, щІалэгъуалэр лъэпкъ музейм ущыщІэткІэ а зэманым зэрахьа пхъуантэхэр, сэхэр, цІуугъэнэхэр къэбгъэщІэрэщІэжьыну уохъуапсэ. БлэкІам зэпымыуэу урипсэун хуейуэ, абы укъытекІ мыхъуну къэслытэркьым, ауэ ахэр ди гъащІэм къыхэтхэжмэ лей зэрымыхъунум шэч къытесхьэркъым, - кьыхеГъэщ бзылъхугъэм.

Шалъэ, самплэ, зэрызагъэдахэ хьэпшыпхэр, сэшхуэ, нэгъуэщІ куэди ещІ Марьянэ. Тубай Мурат и гъусэу, ар елэжьащ пасэрей пхъуантэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным. Хьыджэбзым сыт хуэдэ хьэпшыпми гу хуабагъ хилъхьэну хущІокъу, нэхъапэм къагъэсэбэпу щыта тхыпхъэхэм гулъытэшхуэ хуещІ икІи ахэр нэхъ хъума зэрыхъуным йогупсыс.

Іэхуэщ Іапіэр къызэрызэІуихрэ илъэс еянэ мэхъури, Марьянэ ищІа зэ къэзыщэхуахэм кьыщытрагъэзэж куэдрэ кьохъу. Ар и щІыхьтщ бзылъхугъэр и Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэижьым. Апхуэдэуи 2011 гъэ лъандэрэ ЦІыпІынэр Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ ныбжьыщІэ центрым щолажьэ, лъахэр джыным сабийхэр щыхигъэгъуазэу. ЦІыкІухэр абы музейхэм ешэ, республикэм и цІыху цІэрыІуэхэр ярегъэщІыху.

- Ди лъэпкъым къыдекІуэкІ щэнхабзэм и куэлеягъэр кьыпхуэмыІуэтэн хуэдизщ. Аращи, абы зыгуэркІэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуэсщІыфым срогушхуэ икІи зэпымыуэ зэрызызужьын хуейм срегъэгупсыс, пэгъунэгъу сыхъуу кьыщохъури, срогушхуэ, - дыщІегъу Марьянэ.

ЦІыпІынэр и телъхьэкъым пасэрей тхыпхъэхэм нэгъуэщІ гупсысэщІэ хэлъхьэным. Иджыпсту ар йолэжь дыжьынымрэ ви бжьакъуэмрэ кьыхэщІыкІа хэпшыпхэр зэрагъэщІэращІэм. ГъэщІегъуэнращи, ви бжьакъуэр Вьетнамым, Индием, Китайм, нэгъуэщІ къэралхэми кьыригъэщІын хуейр мэхъу. Ауэ апхуэдэ гугъуехьэр зырикІыу Іэщ Іагъэр фІыуэ щыпІъагъум деж. «Си хьэпшыпхэр кьыщыщІыхукІэ си гуапэ мэхъу, си гур хохъуэ», - жеІэ Марьянэ.

Къэкіуэну зэманым абы и мурадщ гъущІэкэІхэм зэрелэжьу щыта Іэмалхэр къитІэщІыжыну, ахэр къыигъэсэбэпыну. Кьыщынэмыщ Іауэ, йогупсыс зауэлІхэм я Іэпкъ лъэпкъыр къэзыхъумэу щыта афэ джанэ зэрищІынум.

**БАГЪЭТЫР Луиз.**

Тэтэр Къантемыр

## ІэпщІэлъапщІэхэм я лъагъуэкІэ

**Адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ я жыІэм щІапІыкІа сабийм и гъэсэныгъэри къэухьри Іэмал имыІэу нэхъ куу мэхъу. Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ и Іэщ Іагъэм тедгъэпсэлъыхьыну дызыІущІа дыщэкІ ЦІыпІынэ Марьянэ дызыщІигъэдэІуар.**

ЦІыпІынэ Марьянэ

«ГъУАЗДЖЭМ сыдезыгъэхьахар, фІыуэ сэзыгъэлъэгъуар дадэщ. Ар КъБР-м и цІыхубз тхакІуэ Елгъэр Кашифщ. Сызэрысабийрэ абы сыдэплъейуэ сыкъэхъуащ, зэпымыуэ слъагъурт творчествэм зэрыхущытыр, ар зэригъэльапІэр. Сыт щыгъуи сиущийрт, Іэщ Іагъэр гум дыхьэу, дэрэжэгъуэ кьуиту къыхэхьи зэрыхуейр кьызжиІэу. Іэпщ Іэлъапщ Іагъэр къыхэсхащи, къапщтэмэ, зыгуэрым семылажьу зы махуэ дэкІамэ, абы сыкъуэзэшу щыІэздзэ. Ар апхуэдэу щымытмэ, узыпэрыт Іэнатіэр умыуейуэ аращ - си адэшхуэм ар хьэкъуэ зэрыспхигъэкІам щхьэкІэ фІыщІэ хузощІ», - жеІэ Марьянэ.

ЦІыпІынэр зэрысабийрэ художественнэ, хореографие школхэм зыщигъасэу кьыдэкІуэтеящ. 2005 гъэм курыт еджапІэр кьыщиухым, и Іыхьлыхэми кьыдаІыгъри, КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкІэ и факультетым гъущІэкІхэм щелэжь и кафедрэм щеджэну щІэтІысхьащ. ЦІыхубзым и дежкІэ ар Іэщ Іагъэ нэхъ гугъуэм ящыщу къалъытэми (псалъэм папщІэ, дыщэидэм ельытауэ), Марьянэ гъущІэкІ лІэужьыгъуэхэм хьэпшып дахэ кьызэрыхищІыкІыкІам дэрэжэгъуэ кьрет.

- Университетым икъукІэ кьыщыдэгугъуащ ди егъэджакІуэхэр. Дэтхэнэми и зэфІэкІкІэ кьызэрытхилъхьэным хущІэкъуащи, фІыщІэ яхузощІ. ЩхьэхуэУ кьыхэзгъэщыну сыхуейт КъБР-м и ЛъэпкъЕ музейм и унафэщІ Накуэ Феликсрэ ди егъэджакІуэ, УФ-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм хэт Юсбашев Муратрэ емыкъэшыжу къызэрыддэлэжьар. ЖьпІэнымэ, иджыри ахэращ дыззэчэнджэщу диІэр. Абыхъэм ди Іэщ Іагъэм и щхэу куэд кьыдагъэтІэщІащ. Хьэпшып дахэ тщІын кьудейртэкъым дызыхуагъасэр, атІэ абы и мыхьэнэм, и тхыдэм кууу дыпхрагъэпльырт, - жеІэ Марьянэ. - Накуэ Феликс ди тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кууу хещІыкІ, псалъэм папщІэ, сыт и уасэ абы и «Знаковая адыгская система» лэжьыгъэм! Си дипломыр щызгъэхьэзырым, ар щІэгъэкъуэн кьыслухуэхьури, XIX лІэщІыгъуэм лъэпкъ музейм ущыщІэткІэ а зэманым зэрахьа пхъуантэхэр, сэхэр, цІуугъэнэхэр кьэбгъэщІэрэщІэжьыну уохъуапсэ. БлэкІам зэпымыуэу урипсэун хуейуэ, абы укъытекІ мыхъуну къэслытэркьым, ауэ ахэр ди гъащІэм кьыхэтхэжмэ лей зэрымыхъунум шэч къытесхьэркъым, - кьыхеГъэщ бзылъхугъэм.

Шалъэ, самплэ, зэрызагъэдахэ хьэпшыпхэр, сэшхуэ, нэгъуэщІ куэди ещІ Марьянэ. Тубай Мурат и гъусэу, ар елэжьащ пасэрей пхъуантэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным. Хьыджэбзым сыт хуэдэ хьэпшыпми гу хуабагъ хилъхьэну хущІокъу, нэхъапэм къагъэсэбэпу щыта тхыпхъэхэм гулъытэшхуэ хуещІ икІи ахэр нэхъ хъума зэрыхъуным йогупсыс.

Іэхуэщ Іапіэр къызэрызэІуихрэ илъэс еянэ мэхъури, Марьянэ ищІа зэ кьэзыщэхуахэм кьыщытрагъэзэж куэдрэ кьохъу. Ар и щІыхьтщ бзылъхугъэр и Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэижьым. Апхуэдэуи 2011 гъэ лъандэрэ ЦІыпІынэр Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ ныбжьыщІэ центрым щолажьэ, лъахэр джыным сабийхэр щыхигъэгъуазэу. ЦІыкІухэр абы музейхэм ешэ, республикэм и цІыху цІэрыІуэхэр ярегъэщІыху.

- Ди лъэпкъым къыдекІуэкІ щэнхабзэм и куэлеягъэр кьыпхуэмыІуэтэн хуэдизщ. Аращи, абы зыгуэркІэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуэсщІыфым срогушхуэ икІи зэпымыуэ зэрызызужьын хуейм срегъэгупсыс, пэгъунэгъу сыхъуу кьыщохъури, срогушхуэ, - дыщІегъу Марьянэ.

ЦІыпІынэр и телъхьэкъым пасэрей тхыпхъэхэм нэгъуэщІ гупсысэщІэ хэлъхьэным. Иджыпсту ар йолэжь дыжьынымрэ ви бжьакъуэмрэ кьыхэщІыкІа хэпшыпхэр зэрагъэщІэращІэм. ГъэщІегъуэнращи, ви бжьакъуэр Вьетнамым, Индием, Китайм, нэгъуэщІ къэралхэми кьыригъэщІын хуейр мэхъу. Ауэ апхуэдэ гугъуехьэр зырикІыу Іэщ Іагъэр фІыуэ щыпІъагъум деж. «Си хьэпшыпхэр кьыщыщІыхукІэ си гуапэ мэхъу, си гур хохъуэ», - жеІэ Марьянэ.

Къэкіуэну зэманым абы и мурадщ гъущІэкэІхэм зэрелэжьу щыта Іэмалхэр къитІэщІыжыну, ахэр къыигъэсэбэпыну. Кьыщынэмыщ Іауэ, йогупсыс зауэлІхэм я Іэпкъ лъэпкъыр къэзыхъумэу щыта афэ джанэ зэрищІынум.

**БАГЪЭТЫР Луиз.**



## Пшынауэм и текІуэныгъэ

**2018 гъэм и дыгъэгъазэм къыдэщІакъуэжащ Къэжэр Альберт и цІэкІэ ят стипендиер кьэхьыныныкІэ зэхьэзэхуэм кьрикІуар. Абы текІуэныгъэ къыщызыхьаитІым ящыщщ Гнесинхэм я цІэр зезыхьэ Урысей Музыкэ Академием и гъэсэн Темыркъан Залымджэрий.**

ЩІАЛЭМ зэрыцІыкІурэ лъэпкъ пшынэм еуэным зыхуеГъасэ. Нарткъалэ дэт сабий макъамэ еджапІэр кьиухащ, иужькІэ Налшык кьалэм ЩІэнхабзэмрэ Іуэхабзэмкіэ и колледжым щеджащ. Мы зэманым абы, зэрыжытІащи, и щІэныгъэм щыхегъахъуэ макъамэ Іуэхабзэмкіэ Урысейм увыпІэ нэхъ лъагэ дыдэ щыслъытэ академием.

Залымджэрий кьелытэ блэкІа лІэщІыгъуэхэм яуха щэнхабзэ куэр хьумэн, тегъэщІапІэ щІын хуейуэ икІи щІохъуэпс ар дунейм и концерт гъэльэгъуапІэ нэхъыфІхэм хэІущІыІу щищІыну. Ди гуапэщ пшынауэр и мурадхэм льэІэсыну.

## ЛъагапІэр зи плъапІэ

**Иджыблагъэ республикэм щекІуэкІа «ЛъагапІэщІэ» зэхьэзэхуэм текІуэныгъэ къыщызыхьахэм ящыщщ «Стартап» егъэджэныгъэ центр» ООО-м и унафэщІ Къущхьэ Инал.**

Къущхьэ Инал

ИНАЛ щІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу иІэщ: КъБКъУ-м и «Прикладная информатика в экономике» (2009 - 2017 гъэхэм) специалитетымрэ «Журналистикэм» и магистратурэмрэ (2014 - 2016) къиухащ. ЕкъулІэныгъэ иІэу еджа щІалэм адэкІи и щІэныгъэм щыхегъахъуэ аспирантурэм икІи диссертацэм зэрелэжьым хуэдэу, 2014 гъэм «Стартап» егъэджэныгъэ центр» ООО-р къызэригъэпэщащ. Іэхуэщ Іапіэр школ къэзыухэм ядолажьэ, ахэр къэрал экзаменхэм хуигъэхьэзыру. Зи адэ-анэр егъэджакІуэ, ахэр зи щапхъэ Инал дежкІэ сабийхэм я щІэныгъэм хэгъэхуэныр Іэхуэм я нэхъыщхьэщ. Къапщтэмэ, ар зи унафэщІ Іэнатіэр сэбэпышхуэ зэрыхуэм и щыхьэтщ ныбжьыщІэхэм экзаменхэмкІэ яІэ екъулІэныгъэхэр.

- Си сабиигъуэр сигу къэзгъэкІыжмэ, ар тхылъхэмрэ щІэнгъуазэхэмрэщ. Апхуэдэуи зыхэслъхьэ щымыІэу сфІэфІу шахмат сыджэгу щытащ, - жеІэ Инал. - НыбжьыщІэхэм шахматхэмкІэ я республикэ зэпеуэхэм япэ увыпІэхэр къыщыскъырт, КъБКъУ-м и гупым сыхэту акъыл ман зэпеуэхэм си зэфІэкІ сыщепльыжырт. 2013 гъэм си насып кьрихьэкІри, дунейпсо мыхьэнэ иІэу Абхъазым щекІуэкІа апхуэдэ зы зэхьэзэхуэм сыхэтауэ щытащ. Сригушхуэу сигу кьызогъэкІыж 2012 гъэм «КъБКъУ-м и студент нэхъыфІ» сыхъуауэ зэрыщытари. А псор сэбэпышхуэ кьыщыхуэхъуауэ кьызолъытэ «ЛъагапІэщІэ» республикэ зэхьэзэхуэм сыпхыкІыным. Псом хуэмыдэу тест лэжьыгъэхэр щысщІыжым кьыздэІэпыкъужащ шахматхэм сыдахьэхьыу зэрыщытар. Къэбгъэльагъуэмэ, балл 200-м щыщу 199-рэ кьэсхьащ. «ЛъагапІэщІэ» зэпеуэр и мыхьэнэкІэ ебгъэщхь хъунущ «Урысейм и пашэхэр» кьэралпсо зэхьэзэхуэм, абы кьыхэкІыу икъукІэ сыщыгуфІыкІат ди щІыналъэм ар зэрыщекІуэкІынум. Шэч хэмылъу, сфІэгъэщІыгъуэнт си хэмылъу, сфІэгъэщІыгъуэнт си щІэныгъэр здынэсыр кьэспщытэжыну. Зэхьэзэхуэм зыщыхуэзгъэхьэзырым, школ программэ куэд щІэспщытыкІыжьын хуей хъуащ. Абы кьегъэльагъуэ мыпхуэдэ зэпеуэхэм цІыхум и зыужьыныгъэм теухуауэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр. КъищынэмыщІауэ, абы кьІуэ иущІу кьысщохъу республикэ унафэщІхэр ди зыужьыныгъэм зэрытегъэзэвыхьыр. Пэжыр жыпІэмэ, сыщогугъ «ЛъагапІэщІэм» республикэм зыужьыныгъэфІ иритыну, зэхьэзэхуэм хэтахэм хуэдэхэр дыщІэкІэ, ар кьыдэхъулІэну кьыщІэкІынщ. ФІыщІэ хузощІ «Россия - страна возможностей» Іэхуэщ Іапіэм апхуэдэ зэпеуэ кьызэрытхузэригъэпэщам папщІэ. Зы кьупльыкІу гуэрым хэхауэ сыхущІэкъуу сухуэІэнукъым, мы зэманым сызэлэжьыр си гум кьыдохьэ. Ауэ сыт хуэдэ Іэнатіэ кьыслухуагъэльагъуэми, си къару себлэжьнукъым, нэхъыщхьэр - цІыхубэм сэбэп узэрыхуэхъуным ухущІэкъуныщ.

Къущхьэ Инал хьэрычэт Іэхуми хозагъэ. 2013 гъэм абырэ и щхьэгъусэ Радимэрэ лъэпкъ фащэр къэгъэщІэрэщІэжьным теухуауэ ягъэхьэзыра проектыр «Мэшыкъуэ» зэпеуэм утыку кьыщрахьауэ щытащ икІи я нэхъыфІхэм хабжэу кьыхуагъэфэща сом мини 100-мкІэ я Іэхуэ кьызэрагъэпэщажащ. Зэщхьэгъуэсэхэм 2017 гъэм кьызэІуахащ лъэпкъ фащэхэмрэ нысащІэ бостёйхэмрэ зыщІэлъ «Rada Kush» тыкуэныр. Радимэ езым лъэпкъ фащэхэр ед, зэфІэкІышхуэ иІэщ. «Мэшыкъуэ - 2018» зэпеуэм УФ-м и Президент Путин Владимир ещІыкІуам, и насып кьихьри, къэрал унафэщІр я Іэхуэм щигъэгъуэзащ. Шэч хэмылъу, мыпхуэдэ щІалэгъуалэм зэрагъэхъуапсэ, кьэкІуэну дахэ зэраухуэфынури уи фІэщ мэхъу.

**АЛЪХЪО Дыжьын.**

# «Афиян псынщІэ» щыІэкъым

**Къэрал зыбжанэм я щІэныгъэ центрхэм я къэхутэныгъэщІэр сэбэп яхуэхъунущ щІэпыр «Афиян псынщІэу» икІи ар тутыным хуэдэу ящэми хъуну жызыІэхэм япэщІэтхэм.**

АТІЭ, щІэныгъэлІхэм къахутаращи, балигъ ныбжьым нэмыса щІалэ, хъыджэбз цІыкІухэр тІэу, щэ фІэкІа афиныр зэрамыхьэлІами, я щхьэкуцІым зэран хуохъу, дохутыр еІэзэкІи яхуэмыгъэхъужу. Илъэс 14 ныбжьым итыр щыгъупщэх мэхъу, тэмэму гупсысажьфыркъым. Ауэ ныбжьыщІэм ар къыпхуигурыгъаІуэркъым, уеблэмэ щІэп зэзыхьэлІэр яфиянкІэр къэнэ, къэмэхъпи къахокІ. ЩІэп ефэр акъылыншэ мэхъу, апхуэдэр Іэмал имыІэу нэгъуэщІ афиянхэм хуокІуэ. Мы къэкІыгъэм уткуІэнукъым: зыбгъэнщІыркъым, сыт хуэдизуефэмы. Араущи, зыхуейр къащІыхуимыщІэжкІэ, а щІэп дыдэм къыхах гаишиым е гашиищ дагъэм хуокІуэ. Абыхэм щхьэкІэ «химкэ» жаІэ, щагъэхьэзыркІэ химие пкъыгъуэ зэрыкалъхъэм къыхэкІыу. ЗэрытщІэщи, щхьэкуцІым и Іыхьищым щыщу тІыр къызыхэщІыкІар клеткэ дагъэщ, абы («клеткэм») афияным хэлъ химиер щыпльэскІэ егъэткІу. Зэман гуэр докІри, щхьэкуцІым и Іыхьищым щыщу тІыр мылэжьэку, кърильэсыкІам хуэдэу, мэхъу.

Шынагъуэ дыдэр ныбжьыщІэм зиужьыным и пІэкІэ и акъылри, и узыншагъэри, и цІыхугъэри зэрыфІэкІуэдырщ, егъэлеиуэ залым хъу къаззэрыкІырщ. «ЗыкъыщІэжу» афиян ефэныр Іэщ Іыб ищІыкъыфми, апхуэдэхэм сабий къащІэхъуэркъым, пасэу жьы мэхъухэр.

Швецием илъэс 27-кІэ хэхутэныгъэ щыдрагъэкІуэкІат цІыху мин 50-м. Илъэс 13-18 ныбжьым иту щІэп ефахэр балигъ хъуащ щизофрение уз гъэтІылъар яІэу. ЩІэп ефахэм я процент 70-р афиян нэхъ хьэлъэхэм хуэкІуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, сыт хуэдизкІэ?

Ди республикэм и Наркологие диспансерым 2013 гъэ лъандэрэ кІудамэ иІэщ афиянафэхэм щеІэззу. Нэгъабэ абы и учётым щытащ цІыху 611-рэ, (2017 гъэм - 560-рэ), абыхэм ящыщу 24-р цІыхубзщ, 7-р - балигъ ныбжьым нэмысахэщ. Гу лъыкъзэгъэтэнут - ахэр зы илъэсым кІуиубыдэу учётым зэрызыкІуэтахэрщ, афиянхэкІхэр узыфэ яхуэхъуауэ е и узыншагъэм егуэуа зыгъэ зрихьлІауэ. Мы гъэм дэ дытехьащ апхуэдэ сымаджэу 1803-рэ диІэу. Ди насыпт учётым щытым фІэкІа мы Іуэхум хилъэса димыІатэмэ, ауэ жылагъуэм щекІуэкІыр куэдкІэ нэхъ хьэлъэщ.

Сыт зрахьэлІэр афиныр узыфэ зыхуэхъуахэм? Нэхъыбэм - опий, абы къыкІэлъокІуэ акъылыр зыгъэутхъуэхэр, ещанэр - щІэпращ, епІланэр - «психостимулятор» жьхуаІэрщ. Наркоман лІэужьыгъуэхэращ иджыпсту зи гуГъу тщІар.

Иджы фыщыдгъэгуэзэнщ цІыхум и узыншагъэм зэран нэхъыбэру хуэхъуа афиныим - ар щІэпращ. 2018 гъэм учётым щытащ ар зэзыхьэлІэ цІыху 893-рэ.

ЗэрыпІам къыхэкІыу диспансер учётым ирахьжащ: 2017 гъэм - 39-рэ, 2018 гъэм - 43-рэ. Иужьрей илъэсипІым афиян лІэужьыгъуэ псоми илыкІар цІыхуи 176-рэ мэхъу.

Нэгу къыщІэдвгъэгъхьэт ди республикэ щІыкІум зы махуэм цІыхуи 176-рэ щыщІалъхьэу (афиянкІэ илыкІхэм я закъуэ къатщтмэ), ди щхьэфэщыр тэджьыну, зауэ ІэнатІэ щэху дыззрыІутыр зыхэтщІэну къыщІэкІынт, арщхьэкІэ, ди унагъуэкІэ, ди Іыхьлыкіэ къыптъэмыІэс къудеймэ, мы Іуэхум ди нэр хуэдуфыщыІну дыхьэзыру допсэу. Ауэ щыІщ нэгъуэщІэкІи. Сом кІыхьлъхьэну ящІэ кІудеймэ, уеблэмэ я хьэблэ школакІуэхэм иращэфынущ сабийхэм я акъылыр зыгъэутхъуэ, ахэри абыхэм я адэ-анэхэри, зэрыщыту къапщтэмэ, лъэпкъри зыгъэунэхъу.

Дриплъэнти бжыгъэхэм. Хабзэм къемызэгъыу афиянхэкІ зззыгъэкІуэкІхэм епха щІэпхъаджагъэхэр 2018 гъэм и япэ мазэм 1046-рэ хъурт, дыгъэгъазэм ирихьэлІэу 1003-рэ щыІащ. Абыхэм ящыщу щІэпхъаджагъэ хьэлъэр илъэсым и пэм 491-рэ, и кІэм 476-рэ хъурт.

АфиянхэкІ ягъэхьэзырыным, къащхьэуным, зехьэным, нэгъуэщІхэм яІэрыгъэхьэным, ящэным епха щІэпхъаджагъэхэр 787-рэ хъууэ гъэр иухащ (2018 гъэм щІышылэм дытехьат 772-рэ щыІауэ).

Ящэным, къагъэкІыным, акъыл зыгъэутхъуэ зэхащІэным епха щІэпхъаджагъэхэрэ мащІэкъым - бжыгъэ куэдым фыхэдмыгъэзэрыкъым щхьэкІэ къэдмыгъэпльагъуэу аращ.

Къуажэ щыІэкъым абы къыщыхъур щахуэгъэщІкІуа, хэт сыт и дунейми щамыщІэ. Къэрал хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм нэхърэ нэхъыбІу мы гуэзвэгъуэр къагъэувыІэфыну къыщІэкІынт япэхэм къуажэхэм щылажьэу щыта Хасэхэм, ар бзылъхугъэхэм, нэхъыжьхэм, лъэпкъ щхьэхуэхэм ейуэ щрет, ауэ псори щымщ.

Е нэхъыкъым я псалъэм пщІэ имыІэжрэ, е ди гугъу къамыщІ къудеймэ, ди хъуреягъкІэ щекІуэкІынщ ди Іуэху хэмылъу къытпытэрэ? А гуэзвэгъуэр езыр-езыру уи унагъуэм къикъэмэ-щэ?

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● ДызыгъэпІейтей Іуэху

# Сыт ди сабийхэм яшхыр?

**А упщІэм игъэгузавэ адэ-анэхэм Іэмал яІэн хуейщ шхыпІр зэрагъэхьэзырым, япщэфІар зыхуэдэм зыщагъэгъуэзэну. Ар хабзэщІэр зи жэрдэм сенаторхэм мазэ дызыхьихьам Къэрал Думэр абы хэплъэну проектыр щІалъхьащ.**

ИДЖЫ ягъэ дыдэу хабзэм хагъэхьэнущ сабий садхэм, ещанІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм, сымаджэщхэм ирагъашэ зрыскъыр щыІэзэгъэкІхэмрэ къащэхуар зыпщэфІхэмрэ я къалэныр. Сенатор Гехт Иринэ зэрыжиІэмкІэ, ди зэманым тыкуэнхэм щІэзщ сабий шхыныгъуэ нэпцІхэр. Абыхэм адэ-анэхэми сабийхэми я нэ техуэн папщІэ фІыуэ ялъагъу мультикхэм я «Іыльхъужьхэр», теплъэгъуэхэр тradзэ. «Дуней псор къапщтэмэ, сабийм и узыншагъэм, и ныбжьым теухуауэ ебгъэщх хъунур ерыскъыуэ ящэм и процент 40-50-м нос. Ди деж ар зы процент щрикъуркъым, - жеІэ Гехт Иринэ. Иджы хабзэм къыщагъэльэгъащ а ерыскъыкІэхэм къыхагъэхъуэн, дамыгъэ щхьэхуэ трагъэуэвэн хуейуэ.

ЗэрытщІэщи, сабий здэщыІэ Іэхущ Іапіэхэм ерыскъыр къахуэзышэнур къызэрыхах щыкІэр зыкІи къыщхьэщыкІыркъым нэгъуэщІ хьэпшып къэщхуэкІэми - абы теухуауэ ирагъэкІуэкІ зэпеуэм щытекІуэр нэхъ пуду къаІэригъэхэну жызыІэращ. А щыкІэм утету улажьэмэ, шхыныр зыхуэдэн хуейм теухуауэ Роспотребнадзорым къигъэувыр дауэ зэрыпхуэгъэзащІэнур? АтІэ, абы и лэжьакІуэхэр йопльэ ерыскъыр зэмыщхьу, къэуату щытын зэрыхуейм.

Хабзэм щІэуэ хагъэхьащ адэ-анэхэр сабий садхэм, ещанІэхэм, щІэблэм яхуэхха нэгъуэщІ Іэхущ Іапіэхэм я шхапІэхэм щІыхьэу ящэфІыр зыхуэдэм епльыну уэрэ зэращІыр (иджыри къэс апхуэдэ хуитныныгъэ яІакъым). ЗэрыжаІэмкІэ, мы Іуэхум адэ-анэхэм я нэІэ трагъэтмэ, ныкъусаныгъэ куэд къызэнэкІа хъунущ.

Сенаторхэм гулъытэ зыхуэщІар куэд зыгъэгузавэщи, абы унафэ игъэутмэ, зы гуныкъуэгъуэкІэ нэхъ мащІэ хъуну къыщІэкІынщ жылагъуэр зытепсэльыхьыр. Нэхъыщхьэраши, сабийхэм куІ езыгъэщІын яІухуэнщ.

● Спорт хъыбархэр

# Краснодар хъарзынэу зыкъыщагъэлъагъуэ

**Краснодар къалэм щекІуэкІащ бжьмрэ дискымрэ жыжьэу дзынымкІэ Ипщэ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм я чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ. Абы хъарзынэу зыкъыщагъэлъагъуэ щ Налшык дзт СШОР №1-м и спортсменхэм.**

● Атлетикэ псынщІэ

ДИСКЫР дзынымкІэ зэпеуэм Пекъу Залинэ пашэныгъэр щиубыдащ (метр 43,33-рэ), бжьр дзынымкІэ зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъуащ (метр 46,07-рэ) икІи спортым и мастерым и кандидатым и мардэр игъэззэщІащ. Пщащэр егъасэ Уэзрокъуэ Анзор.

Иджыри ди зы спортсмен Нэзэр Тимур ещанэ увыпІэр щиубыдащ бжьр дзынымкІэ зэпеуэм (метр 48,89-рэ). Ар егъэхьэзыр Артамонов Артур.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Щэнейрэ чемпион

● Іэпщэрыбанэ зззауэ

**Нижегородскэ областым хыхьэ Кстовэ къалэм щекІуэкІащ Іэпщэрыбанэ зэзауэхэм Урысейм и Лъэпкъ гвардием и къэралпсо чемпионат. Абы япэ увыпІэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, спортым щІыхь зиІэ и мастер Беслъэней Нурмухьэмэд.**

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩІ, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм иджы ещанэу чемпион щохъу Беслъэней. Нурмухьэмэд и ехьулІэныгъэхэм ящыщщ щэнейрэ Европэм и чемпион, щэнейрэ Европэм и чемпион, 8-рэ Урысейм и чемпион зэрыхъуар.

Спортсменыр егъасэ Мамхэгъ Іэдэм.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# КИФЩІ-м и чемпионатым хэтынухэр къыхах

● Грэпплинг

**«Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ грэпплингмкІэ республикэпсо зэхьэзэхуэр. Абы кърихьэлІат спортсмен ныбжьыщІэу 200-м нэблагъэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыззрагъэпэщат Къэбэрдей-Балъкъэрым Грэпплингымкіэ и федерацэм, Зэхьэзэхуэр я ныбжьрэ, хьэпІагъэрэ елытауэ гуэшауэ екІуэкІащ. ЗэлущІэм кърикІуахэр къыщапщытэжым, КИФЩІ-м и чемпионатым ягъэкІуэну спортсмен 16 къыхахащ. Апхуэдэуи, пашэныгъэр зыубдахэм ираташ кубокрэ медалу 60-м нэблагъэ.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

## Лъэхъуэщым къихутэнкІи мэхъу

**Хабзэм ебакъуэу, газ зэрыкІуэ бжьамий къызыпаупщІам щхьэзыфІэфыгъэкІэ етІуанэу зэрызыпащІэжам къыхэкІыу, уголовнэ Іуэху къаІэтащ.**

2018 гъэм и щэкІуэгъуэ - дыгъэгъазэ лъэхъэнэм Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я нэІэм щІэт административнэ щІыпІэхэр къыщызэхакІуахьым къыщІащ Псыхъурей, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм хиубыдэ лъапсэ гуэрхэм газ зэрекІуалІэ бжьамийр езыр-езыру дашауэ.

А лъапсэхэр зей цІыхубзитІыр апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ жэуапым иращэлІауэ щытащ, административнэ щхьэусыгъуэ сом мини тралъхьат.

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм хабзэр къызэрызэпаудахэм теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ Урысей Федерацэм и УК-м и 215-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ (щхьэзыфІэфІакІэ газ зэрыкІуэ бжьамийм зыпыщІэн е абы елэжьыжьын хуейуэ сэкъат етын). Хабзэм егъэбелджылы апхуэдэ зэранигъэ зыщІа цІыхур бгъэтІыс хуэну.

*КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

## Щакіуэ фоч

КъБР-м щыІэ МВД-м и УНК-м, Урысей МВД-м Май районым щиІэ къудамэм я лэжьакІуэхэм къэпльыхьэнигъэхэр щрагъэкІуэкІым, илъэс 61-рэ зи ныбжь цІыхухъум и унэм (Май къалэ) къыщагъэтащ щакІуэ фочрэ пІатІронхэмрэ. ЦІыхухъум зэрыжиІамкІэ, ахэр нэгъабэ и дыгъэгъазэм къыщигъэтащ къалэ гъунэм.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, къагъуэта Іэщэр ухуеймэ къыпхуэгъэсэбэпынущ.

ЦІыхухъум теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.**

● ФщІэн папщІэ

# Сом мелуани 2-м щІигъу япшын

**Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, щІышылэм и 19-25-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 9211-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыу тралъхьащ сом мелуани 6-рэ мин 214-м щІигъу. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуанрэ 2-рэ мин 237-рэ япшынащ.**

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ игъэбагъуэ е сихьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъмэ къыщыщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Ятіэм фыхэлъынт?

**Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэ зэпыльыпІэм хуэзэ, щІынальэтІими санаторэ Іуэхукіэ къагъэсэбэп Тамбуькан ятІэм хуэдэу а гуэлым кубометр минрэ ныкъуэрэ илъэсым хуэзэу къыхах, ауэ ар мин 12-ми нагъэсыну къыщІэкІынущ, ди гъунэгъу крайм и хьэрычэтыщІэхэм абы я нэІэ трагъэпщ, нэгъуэщІ Іуэхукіи къагъэсэбэпыну я мурадщи.**

САНАТОРЭХЭМ куэд щІауэ къыщагъэсэбэп сульфид зыхэлъ ятІэр, кІэлъыкІуэу абы косметикэ зэмылІуэжьыгъуэ къыхащІыкІ хъуащ, иджы гуэл Іуфэм щызэбэнынущ ятІэ зыщдахуэрэ, къыщызздэжэнущ, къыщыфэнущ, нэгъуэщІ зэпеуи щрагъэкІуэкІынущ.

Уэыншагъэм щхьэпэ ятІэу хэлъымкІэ Тамбуькан Урысейм и гуэл нэхъ бейхэм хабжэ. КьынэмыщІауэ, ІэщагъэлІхэм жаІэ Тамбуькан гуэлымрэ Хы лІамрэ хэлъ ятІэр зэщІэу. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ди гуэлым ятІэ гъэтІылъыгъуэ иІэр кубометр 328-рэ мэхъу. ЯтІэр абы къыхэзыхыр къэрал мыльку зыхэлъ «Кавминкурортрессурсы» АО-м и закъуэщ. Абы ятІэр яІэрегъэхьэ Ставрополь краймрэ, къэралым и нэгъуэщІ хэгъуэгуфэми щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм.

Куэд мыщІэу гуэлым дежи щрагъэкІуэкІыну я мурадщ узыншагъэм щхьэпэ ятІэм и фестиваль. ЗэрыжаІэмкІи, ар къыщІызэрагъэпэщыр илъэс куэд лъандэрэ гуэлым екъэлІауэ зэтрихьа Іуэхухэм гу лърагъэтэн папщІэщ. Псалъэм папщІэ, илъэс Іэдэм щІауэ гуэлым зэхэлъ ятІэр зэщІэу. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ди гуэлым ятІэ гъэтІылъыгъуэ иІэр кубометр 328-рэ мэхъу. ЯтІэр абы къыхэзыхыр къэрал мыльку зыхэлъ «Кавминкурортрессурсы» АО-м и закъуэщ. Абы ятІэр иІэрегъэхьэ Ставрополь краймрэ, къэралым и нэгъуэщІ зэхэтыгъуэхэм щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм.

Ставрополь крайм и лъэныкъуэмкІэ гуэлыр къыщадъэкъэбзащ, волонтёрхэр а Іуэхум къыхашэри. Ауэ гуэлым зэрызиубгъуам къыхэкІыу лэжьыгъэшхуэ ещІылІэн хуей мэхъу. Нэхъыщхьэу а псори щащІэжыр ятІэраши, абы къыщІэупщІэм я бжыгъэм хощ, щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкІыу. Япэр, Совет властым и зэманым цІыхухэр нэхъыбэу здэкІуэр санаторхэрт, абыхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэжу щытамэ, иджы санаторэ нэхъыбІыуэ зэрыльпІэнэм къыхэкІыу, загъэпсэхуным махуибл-махуипщІ трагъэкІуадэмэ зэфІокІ. ЕтІуанэрэуэ, санаторэхэм ятІэм и пІэкІэ нэгъуэщІхэр (нэхъ пудхэр) къащдхэу хъуащ. Ещанэр, я ахъшэр зэрагъэзэхуэн хьисэпкІэ, ятІэр къытрагъэзэжрэ къагъэсэбэпу зэрыщІадзарщ (уи узыншагъэр ебгъэфІэкІуэн дэнэ хъна, уз къыхэпхынкІэ хъуну). Ауэ гранам, килограмм бжыгъэ щхьэусыгъуэ ятІэу (хьэмэмхэм, унагъуэхэм къыщагъэсэбэпыф) абы къыхащІыкІ косметикэмрэ зыщдахуэм къахохуэ.

Санаторэм ущыІэнымрэ ятІэмрэ я уасэм кІэрамыгъхуэмэ, гуэлыр зепхэным фейдэ хамылъэгъуэжмэ, къэхъунур гурыІуэгъуэщ. Ауэ хьэрычэтыщІэхэм Іуэхур абы нагъэсыну къыщІэкІынкъым. Уимыльэращ Іуэхушхуэр, уиІэр зэзыгъэзэхуэн къыкъуэкІынущ.

*«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ШИРДИЙ Маринэщ.**

# Смит и жэнэтыр

● ГъэщІэгъуэнщ

**Дунейм лъэужьыфІ къыпезынам нэхъ насыпыфІэ щыІэу къыщІэкІынкъым, жысІэу сеплъащ «Культура» телеканалым и нэтын гъэщІэгъуэн. Ар зытеухуар музыкант цІэрыІуэ, жыг Іэжьныным хуэІэкІуэлъакІуэ Смит Тимт, «Эдем» зыфІаща ботаникэ хадэр зи жэрдэмым.**

АНГЛИЕМ и Корнуолл графствэм иІэт ятІэ хужь къыщІахьырэ зэхэтІыкьа, теплъаджэ хъуа щыІнІэ. Тим хуэзфІэкІащ ар къиГъэщІэрэщІэну, жэнэт (Эдем) ищІыну.

- Уэ умузыкант цІэрыІуэт, сытым къыхэкІа нэгъуэщІ Іуэху зеплъыстынкІэ? - упщІэм и жэуапыр егъэлеГъэщІэгъуэщ. Тим зэрыжиІэмкІэ, музыкант Іэщ Іагъэм и лъаганІэм нэсати, и гур зыхуэпабгъэм яужь ихьащ.

Гурыіуэгъуэт апхуэдизилъэсым кІэ къызраха, къуакІэбгъыкІэ хъуа щыпІэр зэтес зэрыпсэумыщІынур. Арати, оранжерее инитІ иригъэщІащ (а тІум километр 22-рэ яубыд), дэтхэнэ зыми «геодезический купол» жьхуаІэм хуэдэ зыбжанэ хэту. Абыхэм ящыщ псыІэхэм (гектар 1500-рэ), тропикхэм, нэгъуэщІ къэкІыгъэхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу хуащІахэр. КІэщІу ящІэмэ, Щ Іым и щыпІэ куэдым къраша къакІы-гъэхэр «жэнэтым» щыкІ хъуащ. Оранжереехэр гъэнщІащ скульптурэр гъэщІэгъуэнщІэхэмкІэ.

ИлъэситІрэ ныкъуэрэ теКІуэдауэ аращ а щІыпІэр зыхуеИ хуагъэззэным, езыр зыщыдыгъэпІыхьыхьыт: дэ диІэкъ щІыхуІэ хуэныкъуэ щІыпІэ, жылэр зэгучэмэ, унафэщІхэм къыдаІыгъмэ, яхуэгъэдэхэн?

2001 гъэм ГъатхэпэМ и 17-м къызэІуахащ. ИкІи илъэсиплІ дэкІауэ арат Великобританием и щІыпІэ щІэрыІуэ, щІыхур нэхъыбэ дыдэу здэкІуэ щІыхъуам. Абы щІыхухэм зыщапІыхьэ къудейкъым, атІэ фильмхэр щытрах, дуней псом щыщІэрыІуэ музыкантхэм, уэрэджьыІакІуэхэм, симфоние оркестрхэм зыкъыщагъэлъагъэ, кафе-бархэр щІыІэщ, щІымахуэм гуэл Іэрыщ Іэкр ягъэщтри сабии балигъыи гъущІ лъэрыжжІэ къажьхь, Илъэсыщ Іэмрэ Хьуромэ махуэмрэ жармыкІэ къыщыщзэрагъэпэщ.

Смит Тим и жэрдэмрэ хьэрычэтыщІэхэми къэралми къызэрыдащтам псоми я фейдэ хэлъщ. Япрачэ, щІыпІэ бгынэжар егъэлеГъэ дахэ хъуащ. ЕтІуанэрауэ, къэрал куэщІ къикІыу къокІуэ абы еплъыну. Ауэ нэхъыщхьэр арагъэнукъым: псоми ди зэхуэдэ унэщ, жьхуэтІэ ди планетэр зэхэзыкъутэну хуейр, цІыхум зэран хуэхъунрэ зыуи къызымыдзэр апхуэдизкІэ куэдщи, щІым и зы пІланэпэ зыгъэщІэрэщІэжьыфахэм уемыкъэупсэн пльэкІыркъым.

Ди къужьхэхэм, хьэблэхэм, псыхъуэхэм, къалэхэм зыщыдывгъэпІыхьыхьыт: дэ диІэкъ цІыхуІэ хуэныкъуэ щІыпІэ, жылэр зэгучэмэ, унафэщІхэм къыдаІыгъмэ, яхуэгъэдэхэн?

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьакІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщ Іэпыдджэ Замирэ, Чэрим Маринэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

**Езыгъэтхэхэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щхьэхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкІэ -42-60-53; узыншагъэмрэ щІыпІэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; здэщыІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84;компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеухуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Дыщэкі Сонэ,** *редактор* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 2.214 ● Заказ №75**